


Lèt pou lafanmi


Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nan Chapit 2, klas nou an pral kòmanse etidye jewometri twa dimansyon, klas la pral aprann kouman pou mezire sipèfisi ak volim. Nou pral bati modèl a twa dimansyon epi nou pral itilize mo oubyen ekspresyon aljebrik pou dekri yo. Nou pral itilize blòk tou pou nou bati estriki konplèks ki koresponn ak desen a de-dimansyon, epi nou pral fè desen pou nou dekri estriki nou bati yo.

Men yon egzanp sou yon modèl blòk jewometri nou pral bati. Nou pral idantifye regilarite a epi nou pral deside konbyen kib pral genyen nan Etap 4, Etap 5, eksetera.



Yon lòt fason pou desinen regilarite sa a rele yon *obsèvasyon dapre* kantite ki anwo a. Imajine kisa ou w ap wè lè w ap gade modèl blòk yo soti anwo desann anba. Men kouman twa premye *obsèvasyon dapre* kantite ki anwo ap ye. Nimewo ki nan desen yo montre konbyen blòk ki nan chak pil.



Finalman nou pral deside detèminen konbyen blòk ki nan Etap 93 si gen 8.464 blòk nan Etap 92.

Vokabilè Pandan kou yo, nou pral aprann nouvo tèm ki gen nan vokabilè a :

baz
silenn
plan

prism
sipèfisi
volim

Kisa w ka fè lakay ?

Piske nou prèske rive nan fen Chapit 2 a, ou menm ak elèv ou an ka amize nou ap ranmase bwèt fèblan pandan nou chak ap predi volim bwèt fèblan yo. Apre sa, jwenn volim reyèl chak bwèt fèblan epi tcheke pou wè si pa t gen anpil diferans ant chak prediksyon ak volim reyèl la. Kilès ki te fè prediksyon ki pi pwòch la ?